



Pou Piblikasyon Imedya: 17/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE NEW YORK AP EGZEKITE ENTÈDIKSYON NAN NASYON AN SOU SIGARÈT ELEKTWONIK KI AWOMATIZE YO

Konsèy Planifikasyon Sante ak Sante Piblik Vote pou Adopte Règleman Ijans yo, Apre Enstriksyon Gouvènè Cuomo pou Konvoke Sou Kesyon sa a

Entèdiksyon sou Lavant Sigarèt Elektwonik ki Awomatize yo Antre an Vigè Imedyatman

Komisè Depatman Sante Eta New York la Dr. Howard Zucker la Evalye yon Entèdiksyon sou Awòm Mantòl epi Ofri Rekòmasyon nan yon Delè 14 Jou

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Eta New York se premye Eta nan nasyon an ki egzekite yon entèdiksyon sou lavant sigarèt elektwonik ki awomatize yo ak likid elektwonik nikotin yo, apre yon vòt sou règleman ijans Konsèy Planifikasyon Sante ak Sante Piblik a (Public Health and Health Planning Council, PHHC). Entèdiksyon an, ki an vigè kounye a, se dènye nan yon seri mezi pou konbat ogmantasyon kantite jèn moun ki ap itilize pwodwi vapotaj yo, an grann pati kòm rezilta awòm maketin konpayi sigarèt elektwonik yo ki vize rann timoun yo depande de nikotin.

"Pa gen dout ke konpayi vapotaj yo ap itilize delibereman awòm tankou chiklèt, bonbon koton ak Captain Crunch pou rann jèn moun yo adikte ak sigarèt elektwonik - se yon kriz sante piblik epi sa fini jodi a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York pap tann gouvènman federal la pou li aji, epi lè li entèdi sigarèt elektwonik ki awomatize yo nou ap prezève sante piblik la epi ede prevni anpil jèn moun pou yo pa pran abitud ki koute chè, ki pa bon pou lasante epi potansyèlman mòtèl pou lavi alontèm."

Dimanch lan, Gouvènè Cuomo te bay enstriksyon ak Depatman Sante la (Department of Health, DOH) pou li konvoke yon rankont ijans PHHC a pou yo konsidere entèdiksyon sa a. Gouvènè a te bay enstriksyon ak Lapolis Eta (State Police) a ak DOH la pou imedyatman asosye yo pou entansifye efò aplikasyon lalwa yo kont detayan yo ki ap vann jèn minè yo, avèk posibilite pou pèn kriminèl, anplis li anonse ke li pral fè avanse lejislasyon pou entèdi maketin twonpè konsènan sigarèt elektwonik pou adolesan ak timoun yo.

Nan kad Lwa 2009 sou Prevansyon Tabak ak Fimen nan Fanmi (Family Smoking and Tobacco Prevention Act) an, Kongrè Etazini an te entèdi lavant sigarèt ki gen awòm yo ki pa mantòl ak tabak.

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Dr. Howard Zucker, te di, "Gwo kantite alaman jèn moun nan Eta New York ki ap itilize pwodwi vapotaj yo absoliman se yon kriz sante piblik. Règleman sa yo fè pati anpil etap enpòtan nou ap pran yo pou konbat

tandans twoublan sa a. Nou pral kontinye rete agresif nan efò nou pou prevni adiksyon nikotin ak move pratik maketin yo anba lidèchip Gouvènè Cuomo a".

Awòm yo responsab an grann pati ogmantasyon dramatik nan itilizasyon sigarèt elektwonik yo nan mitan jèn yo epi se yon prensipal rezon ke jèn yo inisye epi mentni itilizasyon sigarèt elektwonik. Daprè done Depatman Sante a yo, prèske 40 pousan elèv 12yèm ane ak 27 pousan elèv lekòl segondè nan Eta New York kounye a ap itilize sigarèt elektwonik, epi likid elektwonik ki aromatize yo ankouraje anpil ogmantasyon sa a. Itilizasyon lekòl segondè an 2018 (27.4%) 160 pousan pi plis pase jan li te ye an 2014 (10.5%). Pandan ke to elèv lekòl segondè New York ki fimen yo bese soti nan 27.1% an 2000 pou vin yon nivo rekò 4.3% an 2016, maketin agresif k ap fè pwomosyon sigarèt elektwonik ki awomatize yo pral chanje tandans sa a.

Awomatizasyon se yon estrateji maketin kle ki sible jèn yo, ke endistri sigarèt elektwonik/ayewosòl la itilize menm jan yo fè l nan mache sigarèt, siga, ak tabak san lafimen yo. Maketin sigarèt elektwonik yo mete aksan sou awòm yo tankou chokola mant, chiklèt ak kola seriz, epi yo kreye yon kwayans twonpè ke yo pa poze danje pou itilizatè yo. Nan yon ankèt sou adolesan ki gen 15 rive 17 ane an 2017 nan Eta New York ki itilize kouraman pwodwi vapè elektwonik yo, 19% adolesan yo te di ke awòm yo se te rezon yo te premye itilize yon sigarèt elektwonik epi 27% te di awòm yo se te rezon pou kontinye itilizasyon an. Etid yo montre tou prèske 78% elèv lekòl segondè, ak 75% elèv lekòl primè rapòte ke yo te ekspoze a maketin an favè tabak an 2016. Nou pral fè avanse lejislasyon an nan pwochen sesyon an pou anpeche piblisite twonpè ak fo sa yo ki sible jèn nou yo.

Depatman Sante a pral bay detayan yo yon peryòd apeprè de semèn gras avan yo reyalize vizit yo pou fè aplike entèdiksyon sou awomatizasyon an ki ap kòmanse Lendi 4 Oktòb. Depatman sante lokal yo ak Biwo Distri Depatman (Department's District Offices), avèk sipèvizyon Eta a, pral okipe de aplikasyon lalwa a. Detayan yo ki vyole entèdiksyon an pral fè fas ak kontravansyon jiska 2,000 dola pa vyolasyon, ke yo defini kòm chak inite likid elektwonik ki awomatize oswa pwodwi ki genyen likid elektwonik ke yo posede, pwodwi, oswa vann oswa ofri pou lavant.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)